УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-51-57

# ГЪЭПСЫКIЭ ЗЭХЭЛЪ ЗИIЭ ЛЪАБЖЬЭПЭХЭМРЭ ЛЪАБЖЬЭУЖЬ –*КI*-МРЭ ЛЭЖЫГЪЭЦIЭ КIЭУХЫМ КЪЫЩАГЪЭХЪУ АБЛАУТХЭМ ЯГЪЭЗАЩIЭ КЪАЛЭНХЭР

**Дзыгъуанэ Ритэ Хьэбалэ ипхъу**, orcid.org/0000-0003-0684-7600, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, адыгэбзэ секторым и щ1эныгъэ лэжьакIуэ пашэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал (Налшык, Урысей), dzug.rita@yandex.ru

Лэжьыгъэр теухуащ лъабжьэпэ зэхэлъхэр пыувэурэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэужь –*кI* щыхыхьэкIэ лъабжьэ кIэухым къыщыхъу макъзэблэхъухэм ягъэзащIэ къалэнхэм. Езы лъабжьэпэхэр тIууэ е нэхъыбэу щIызэхыхьэм и щхьэусыгъуэр щIыпIэ, лъэныкъуэ ягъэлъагъуэхэр нэсу ягъэнаIуэн папщ1эщ. Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм лъабжьэпэ зэхэлъу хэтыр псори мы лэжьыгъэм щытхузэщIэкъуэнутэкъыми, нэхъыбэрэ бзэм къыщагъэсэбэп гуп къыхэтхащ. А гупыр бзэм къызэрыщыкIуэ елъытакIэ бгуэш хъунущ: лъабжьэужь –*кI* ямыгъусэу къакIуэ лэжьыгъэцIэхэрэ ар хэмыту псалъэр ухуа щымыхъу гупхэу. Превербхэм я закъуэ лэжьыгъэцIэ къыщагъэхъукIэ, лъабжьэ кIэухым *ы:э* макъзэблэхъу щыдиIэщ – лэжьыгъэр зыгуэрым бгъэдыхьэу, екIуалIэу къигъэлъагъуэу. Ауэ лъабжьэужь –*кI* щыпыувэкIэ къэхъу *э:ы* аблаут лIэужьыгъуэм лэжьыгъэр адэкIэ IукIыу мыхьэнэ хелъхьэ. ХьэлэмэтагЪ зэхуэмыдэ куэд зэрагъэлъагъуэм къыхэкIыу лэжьыгъэм лъабжьэгъусэхэм зырызурэ дащыкIэлъоплъыр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: макъзэблэхъухэр, лъабжьэпэ, лъабжьэужь, лэжьыгъэцIэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, аблаут.

Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм псалъэщI лъабжьэпэхэм увыпIэшхуэ щаубыд. Ахэр бзэм щагъэзащIэ къалэнкIи, я бжыгъэкIи, я мыхьэнэкIи лъабжьэужьхэм куэдк1э йобэкI. ЩIыпIэ мыхьэнэ ягъэлъагъуэхэм нэмыщIкIэ лъабжьэпэхэм лэжьыгъэцIэ зыхыхьэхэм я щхьэ бжыгъэхэм хагъахъуэ. Лъабжьэ кIэухым къыщагъэхъу макъзэблэхъум лэжьыгъэр щекIуэкI лъэныкъуэр егъэнаIуэ. Лъабжьэужь –*кI*-р превербхэм я дэIэпыкъуэгъуу къокIуэ. Ар зыхыхьэ псалъэпкъми нэгъуэщI аблаут лIэужьыгъуэ къыщохъу, лэжьыгъэр зыгуэрым пыIукIуэту, бгъэдэкIыу къигъэлъагъуэу.

Мы лъабжьэгъусэхэр зыхыхьэ псалъэпкъхэм я ухуэкIэми, абыхэм я мыхьэнэхэми елъытауэ бзэм гъэщIэгъуэнагъ куэд хыдолъагъуэ. Абыхэм зырызурэ дакIэлъыплъынщ.

**1.** ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэу *пэ*-мрэ *пэры*-мрэ мыхьэнэкIэ зокIуалIэ [4: 174]. Мы лъабжьэпэхэр зэрызэгъунэгъум шэч хэлъкъым, ауэ зэщхьэщыкIыныгъэ гуэрхэри яIэщ.

1) Преверб *пэры*-мрэ лъабжьэужь *кI*-мрэ зыхыхьэ лэжьыгъэцIэхэм лъабжьэ кIэухым *э:ы* макъзэблэхъу къыщыхъум лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр ехъуэж, превербкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэмрэ лъабжьэгъуситIри зыхэт лэжьыгъэцIэмрэ мыхьэнэ зэпэщIэуэ яIэ мэхъу. Щапхъэ: *пэры-лъэтэ-н* (зыщIыпIэ лъэтауэ пэрыхьэн, бгъэдэлъэтэн), ауэ *пэры-лъэт**ы**-кIы-н* (зыщIыпIэ лъэтауэ пэрыкIын, бгъэдэлъэтын). Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ, лъабжьэужь *-кIы*-р хэмытуи, *э:ы* макъзэблэхъукIэ лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр хъуэжа хъууэ зэзэмызи узэрырихьэл1эр: *пэры-лъэт**ы**-*н = *пэры-лъэт**ы**-кIы-н.*

2) Превербым и закъуэ лэжьыгъэр щекIуэкI щIыпIэр нэсу щыхуэмыгъэнаIуэм, лъабжьэужьымрэ *э:ы* аблаутымрэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу. Щапхъэ: *пэры- увэ-н* (зыщIыпIэ гъунэгъуу пэрыхьэн, бгъэдэувэн), ауэ *пэры-ув****ы****-кIы-н* (зыщIыпIэ пэрыкIын, бгъэдэкIын).

3) Лъабжьэпэ *зэ-* дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым къащыпыувэкIэ *гуэшыныгъэ* мыхьэнэ хелъхьэ. Щапхъэ: *зэ-пры-вы-кIы-н* (зыгуэр, п.п., гъуэгур, зэпрыкIыу вэн); *зэ-пры-шхы-кIы-н* (зыгуэр и кум хуэзэу зэпрыууэ шхын); *зэ-пры-тIы-кIы-н* (зыщIыпIэ зэпрыкIыу тIын), н.къ. Шэрджэс псэлъэкIэм мы лъабжьэпэм зэзыпх *–р-* дэмыту къыщокIуэ: *зэ-пы-хулы-кIы-н* (псэуалъэ гуэр тIу ищIыкIын, зэпрычын мыхьэнэ иIэу). Щапхъэ: *Мылыфыщхьэ гъуабжэ зытелъ унэ тIэкIур пэшитI хуэдэу* ***зэпыхулыкIати,*** *зым щIалэр ишэри я пхъэ гъуэлъыпIэ IэрыщIым иригъэгъуэлъхьащ* [1: 23]. Къэбэрдей псэлъэкIэм а мыхьэнэ дыдэр къигъэлъагъуэн папщ1э, каузатив *гъэ-* лэжьыгъэц1эм къыхохьэ: *зэ-пры-гъэ-л1ы-к1ы-н* [3: 93].

4) ЛэжьыгъэцIэ лъабжьэм къыпыувэ лъабжьэгъусэхэм щхьэ бжыгъэм хагъахъуэ. Псалъэм папщIэ: *ар мэлъатэ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы пэро-лъэты-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

**2**. Преверб *пэщIэ*-мрэ лъабжьэужь *кI*-мрэ зэхыхьэу къэхъу лэжьыгъэцIэхэм я бжыгъэр куэд дыдэ хъуркъым. Абы и щхьэусыгъуэр зи гугъу тщIы лъабжьэгъусэхэр щыIэцIэ, плъыфэцIэ псалъэпкъхэм зэрапымыувэр ращ. Апхуэдэу щытми, ахэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсми, лъэмыIэсми къыщокIуэ.

1) Лъабжьэгъусэ *пэщIэ*-мрэ лъабжьэужь *кI*-мрэ лэжьыгъэр зыгуэрым *и гупэм, и пащхьэм* зэрыщекIуэкIыр къагъэлъагъуэ. Лъабжьэ кIэухым къыщыхъу *э:ы* макъзэблэхъум лэжьыгъэр щекIуэкI лъэныкъуэр егъэнаIуэ. Щапхъэ: *пэщIэ-укIурийэ-н* (укIурийуэ зыгуэрым и гупэм, и пащхьэм ихуэн), ауэ *пэщIэ-укIурий****ы****-кIы-н* (укIурийуэ зыбгъэдэтам пэIэщIэ хъун).

2) Зэхэлъ гъэпсыкIэ зиIэ мы лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэгъусэхэр щызэпхауэ, зэмыгъусэу къэмыкIуэуи уащрохьэлIэ. Апхуэдэхэм деж превербми лъабжьэужьми ягъэзащIэ къалэнхэр наIуэ мэхъу. Псалъэм папщIэ: *пэщIэ-тIы-кIы-н* (зыгуэрым и пащхьэр щIэтIыкIын). Преверб *пэщIэ*-м къегъэлъагъуэ лэжьыгъэр зыгуэрым *и гупэм, и пащхьэм* къызэрыщыхъур, лъабжьэужь *-кIы*-м лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр егъэнаIуэ.

3) ДызыкIэлъыплъ лъабжьэгъусэхэм къагъэхъуа лэжьыгъэцIэхэм объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къахохъуэ. Щапхъэ: *ар мэджэрэз* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы пэщIо-джэрэзы-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

**3**. ЩIыпIэ лъабжьэпэ *кIуэцIы*-мрэ лъабжьэужь *–кIы*-мрэ псалъэпкъым пыувэу къэхъу лэжьыгъэцIэхэр гупышхуэ хъуркъым, ауэ апхуэдэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэри, лъэмыIэсхэри щыIэщ.

1) Лъабжьэпэ *кIуэцIы*-мрэ лъабжьэужь *-кIы*-мрэ лэжьыгъэр зыгуэрым *и кум, и кIуэцIым* къызэрыщыхъур къагъэлъагъуэ. А щIыкIэм тету къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм лъабжьэ кIэухым макъзэблэхъу *э:ы* къыщыхъум лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр ехъуэж, къыздикIамкIэ игъэзэжу. Щапхъэ: *кIуэцIы-бзэх****э****-н* (зыщIыпIэ кIуэцIыгъэпщкIуа хъун), ауэ *кIуэцIы-бзэх****ы****-кIы-н* (зыщIыпIэ кIуэцIыкIуэдыкIын).

Каузатив лъабжьэпэ *гъэ-* апхуэдэ псалъэпкъым щыпыувэм *э:ы* макъзэблэхъум зихъуэжкъым, ауэ лэжьыгъэц1эм лъэIэс мыхьэнэ иIэ мэхъу, и щхьэ бжыгъэми хохъуэ: Щапхъэ: *ар мэджэрэз* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), *ар абы кIуэцIо-джэраз****э*** (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *абы ар абы кIуэцIе-гъэ-джэразэ* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ). Щапхъэ: *Дауэ мыгузавэнрэ* (*Софят*) *– жэщхэр сыт хуэдэу кIыфI, губгъуэ гъунапкъэншэм нэм къыщIэIэбэр щыплъагъуркъым… шу ерухэр къэсынщ, имыщIэххэу пщащэр щIакIуэм* ***кIуэцIагъэджэрэзэнщи*** *вагъуэижу ежьэжынщ…*[13: 78].

2) ДызыкIэлъыплъ лъабжьэгъусэхэр лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм нэхъыбэу къыщокIуэ. ЩIыпIэ превербхэр псалъэпкъым щыпыувэкIэ, нэгъуэщI аблаут

лIэужьыгъуэ лъабжьэ кIэухым къыщохъу – *ы:э* : *кIуэцIы-кIуэдэ-н* (зыщIыпIэ, зыгуэрым и кум щыкIуэдын), (еплъ: *кIуэд**ы**-н*).

3) Мы лэжьыгъэцIэ гупым язэхуэдэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *зэ-* щапыувэкIэ, щхьэ куэд зиIэ лэжьыгъэцIэм объект мыблагъэм и щхьэр фIокIуэд: щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэм зы щхьэ иIэ мэхъу, щхьищ зиIэм – щхьитI иIэ мэхъу. Щапхъэ: *ар абы кIуэцIо-джэрэзы-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар зэ-кIуэцIо-джэрэзы-кI* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

**4**. ЩIыпIэ лъабжьэпэ *кIуэцIры*-мрэ лъабжьэужь *–кIы*-мрэ зыхыхьэу къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым щхьэхуэныгъэ хэха яIэщ. А лъабжьэгъусэхэр лэжьыгъэцIэм щызэпхащ, зэмыгъусэу къакIуэркъым, лъабжьэ кIэухми къыщыхъу *э:ы* макъзэблэхъум зихъуэжкъым.

1) ЩIыпIэ превербым зы щIыпIэ гуэрым *пхыкIын* мыхьэнэ къигъэлъагъуэмэ, лъабжьэужь *–кIы*-мрэ лэжьыгъэцIэ лъабжьэ кIэухым къыщыхъу макъзэблэхъу *э:ы*-мрэ лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр ягъэнаIуэ. Щапхъэ: *кIуэцIры-къут**ы**-кIын* (зыгуэрым и кур къутэн, къутэурэ кIуэцIрыхын) (еплъ: *къутэ-н*). Щапхъэ: *АрщхьэкIэ, зэщIэувыIыкIыу щыдаIуэм, зэхихащ мэзыр **кIуэцIрикъутыкIыу** къуэ псыхъуэмкIэ дэкIуей псэущхьэ гуэрым и Iэуэлъауэ макъыр* [9:49].

2) ЩIыпIэ преверб *кIуэцIры*-мрэ лъабжьэужь *–кIы*-мрэ лэжьыгъэцIэм и щхьэ бжыгъэм объект мыблагъэм и щхьэр къыхагъахъуэ. Щапхъэ: *абы ар ещI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ), ауэ *абы ар абы кIуэцIре-щIы-кI* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

**5**. ЩIыпIэ превербхэу *кIуэцIры*-мрэ *пхры*-мрэ мыхьэнэкIи, дистрибуцэ и лъэныкъуэкIи зэгъунэгъущ. Ахэр лъабжьэужь *–кIы* пыувэурэ къагъэхъу лэжьыгъэцIэхэм щызэпхащ.

1) Зи гугъу тщIы лъабжьэпэхэр зыхэт лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым лъабжьэужь *–кIы* пыувэу къэхъуа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр синонимэгъу щызэхуэхъуи щыIэщ, зыгуэрым *кIуэцIрыкIын, пхыкIын* мыхьэнэ къагъэлъагъуэу. Щапхъэ: *кIуэцIры-угъуэны-кIы-н = пхры-угъуэны-кIы-н* (зыгуэр зэпрыууэ гъуанэ щIын); *кIуэцIры-фы-кIы-н = пхры-фы-кIы-н* (зыгуэрым кIуэцIрыкIыу, зэпхыкIыу кууэ хыхьэу фын) н. къ.

2) ЩIыпIэ лъабжьэпэхэу *кIуэцIры*-мрэ *пхры*-мрэ синонимэгъу зэрызэхуэхъур мыхьэнэ лэжьыгъэцIэм халъхьэ къудейм и закъуэкъым, атIэ ахэр дистрибуцэ и лъэныкъуэкIи зэгъунэгъущ. Псалъэм папщIэ, лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ преверб *къ-* дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэхэм щахыхьэкIи зэхуэдэу мыхьэнэ яхелъхьэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зи гугъу тщIы лъабжьэгъусэхэм лэжьыгъэр *адэкIэ* IукIыу къагъэлъагъуэмэ, преверб *къы*-м *мыдэкIэ* къигъэзэжу къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *кIуэцIры-тIы-кIы-н = пхры- тIы-кIы-н* (кIуэцрыкIыу тIын, къэптIурэ пхыкIын), ауэ *къы-кIуэцIры-тIы-кIы-н = къы-пхры-тIы-кIы-н* (къэптIурэ мыдэкIэ къыпхыкIын, къы-кIуэцIрыкIын); *кIуэцIры-сы-кIы-н = пхри-сы-кIы-н* (зыгуэр исурэ адрей лъэныкъуэмкIэ пхыкIын), ауэ *къы-кIуэцIри-сы-кIы-н = къы-пхри-сы-кIы-н* (зыгуэр исурэ мыдрей лъэныкъуэмкIэ къыпхыкIын). Щапхъэ: *Лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ пкIэуэ,* (*Музэриф*) *и лъэдакъэ **кIуэцIрисыкIам** епхъуэурэ гъуахъуэу хьэсэр къефыхь, къыщыщIари тэмэму къыхуэмыщIауэ* [9: 86]. Зэхуеплъ щапхъэхэм: *Дэп жьэражьэти, щIалэ цIыкIум и куэщ1ыр **пхрисыкIащ*** [2: 24].

3) ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ превербхэр лъабжьэужь *–кIы* я гъусэу лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм щапыувэкIэ, объект мыблагъэм и щхьэр къахохъуэ. Щапхъэ: *ар мэущ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы кIуэцIро-ущы-кI// пхро-ущы-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

4) ДызыкIэлъыплъ лъабжьэпэхэр дистрибуцэ и лъэныкъуэкIэ щызэщхьэщыкI щыIэщ. Псалъэм папщIэ, япэрауэ, лъабжьэпэ *пхры*-кIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ гупым язэхуэдэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *зэ-* къапыувэмэ, лъабжьэпэ *кIуэцIры-* зыпыувэ лэжьыгъэцIэхэр абы ещхькъым. Щапхъэ: *зэ-пхры-шхы-кIы-н* (зэпрыгъуанэу шхын), ауэ *зэ-кIуэцIры-шхы- кIы-н* жаIэркъым. Е, *зэ-пхы-дэIу-кIы-н*

(фIыуэ зэхихын папщIэ щэху зищIауэ дэIуэн, зэщIэдэIукIын), ауэ *зэ-кIуэцIры-дэIу-кIы-н* жаIэркъым. Щапхъэ: ***ЗэпхыдэIукIмэ*** (*Гуащэ*)*, зэхех кхъухьыпщым и псалъэмакъ, Сыхъум къалэкIэ дыхьэн зэрыхуейм теухуауэ зыгуэрым унафэ хуищIу* [8: 43].

Зэрынэрылъагъущи, язэхуэдэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *зэ-* зыпыувэ лэжьыгъэцIэм объект мыблагъэм и щхьэр фIокIуэд.

**6.** ЩIыпIэ преверб *кIэры*-мрэ лъэныкъуэ лъабжьэужь *-кIы*-мрэ нэхъыбэу къыщыкIуэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэрщ. Апхуэдэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм зыгуэрым *и джабэм, и бгъум* и гъунэгъуу лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр къагъэлъагъуэ.

1) ЩIыпIэ лъабжьэпэ *кIэры*-м и закъуэ лэжьыгъэцIэ къыщигъэхъукIэ, *ы:э* аблаут лъабжьэ кIэухым къыщыхъум лъэныкъуэ (*мыдэкIэ къакIуэу*) гъэлъагъуэныр и къалэн мэхъу. Щапхъэ: *кIэры-упцIэ-н* (ебупцIурэ зыгуэр зыщIыпIэ кIэрыгъэхуэн, кIэрыгъэпщIэн) (еплъ: *упцI**ы**-н*). ДызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэхэм лъабжьэужь *-кIы*-р щапыувэкIэ, лъабжьэ кIэухым къыщыхъу *э:ы* макъзэблэхъумрэ абырэ лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр (*адэкIэ кIуэуэ*) яхъуэж. Апхуэдэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм мыхьэнэ зэпэщIэуэ яIэ мэхъу. Щапхъэ: *кIэры-упцI**ы**-кIы-н* (зыщIыпIэ кIэрыгъэпщIа гуэр кIэрыхын).

2) Зи гугъу тщIы лэжьыгъэцIэ гупыр къызэрыхъу лъабжьэгъусэхэр нэхъыбэм зэпхащ морфологие и лъэныкъуэкIэ. Щапхъэ: *кIэры-тIэт**ы**-кIы-н* (зыщIыпIэ кIэрыпхауэ щытар къэтIэтауэ хуит щIын) (еплъ: *тIэтэ-н* – пха, зэрыдза гуэр зэрыхын).

3) Лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *къ*-м, дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым щапыувэкIэ, и мыхьэнэр фIокIуэд. Апхуэдэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэр синонимэгъу зэхуохъу. Щапхъэ: *къы-кIэры-тхъунщIы-кIы-н = кIэры-тхъунщIы-кIы-н* (зыгуэр птхъунщIурэ зыгуэр къыкIэрыгъэкIын).

4) ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм дызыкIэлъыплъ лъабжьэгъусэхэр щахыхьэкIэ языныкъуэхэм деж лъэIэс мыхьэнэ яIэ мэхъу. Щапхъэ: *ар абы кIэро-бзай**э*** (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *абы ар абы кIэре-бзей**ы**-кI* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

**7**. ЩIыпIэ лъабжьэпэ *щхьэщы*-мрэ лъабжьэужь *–кIы*-мрэ псалъэпкъым пыувэу къэхъу лэжьыгъэцIэхэр гупышхуэ хъуркъым, ауэ ахэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми къыщокIуэ. Къумахуэ М. I. и къэхутэныгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, лъабжьэпэ *щхьэщы*-р *щхьэ* щыIэцIэрэ *щы-* превербу зэхэтщ икIи адыгэбзэхэм зэдай лексикэм хохьэ [5: 226–227]. Мы лъабжьэпэм лэжьыгъэр зыгуэрым *и щхьэмкIэ, и щхьэщыгумк1э* къызэрыщыхъур къегъэлъагъуэ, аблаут лIэужьыгъуитI къигъэхъумрэ лъабжьэужьымрэ лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэхэр ягъэнаIуэ.

1) Преверб *щхьэщы*-м и закъуэ лэжьыгъэцIэ къыщигъэхъукIэ, лъабжьэ кIэухым къыщыхъу *ы:э* аблаутым лэжьыгъэр *мыдэкIэ* къызэрыгъэзар егъэлъагъуэ. Щапхъэ: *щхьэщы-укIурийэ-н* (укIурийуэ зыгуэрым и щхьэщыгум ихуэн). Лъабжьэужь *–кIы*-р апхуэдэ лэжьыгъэцIэм щыпыувэкIэ нэгъуэщI аблаут лIэужьыгъуэ диIэщ: *э:ы* – лэжьыгъэр щекIуэкI лъэныкъуэми зехъуэж, *адэкIэ кIуэуэ*. Щапхъэ: *щхьэщы-укIурий**ы**-кIы-н* (укIурийуэ зыгуэрым щхьэщыхун, ехуэхын).

2) Дызытепсэлъыхь лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэгъусэхэр зэпхауэ, зым и закъуэу псалъэпкъым пымыувэу нэхъыбэрэ къокIуэ. Апхуэдэхэм деж лъабжьэгъусэхэм щхьэж и къалэныр IупщIу къыхощ. Щапхъэ: *щхьэщы-лъэщIы-кIы-н* (зыгуэрым и щIыIум телъ гуэр лъэщIурэ техын, Iухын). Зэрынэрылъагъущи, превербым *и щIыIумкIэ, и щхьэмкIэ* щIыпIэр егъэлъагъуэ, лъабжьэужьымрэ аблаутымрэ – *Iухын, адэкIэ техын* мыхьэнэр къагъэхъу. Иджыри зы щапхъэ: *щхьэщы-IуэнтIэ-н* (зыгуэрым и щхьэр IуантIэурэ тегъэбыдэн). Щапхъэ: (*ХьэкIагуэ*) *Ар нэмыцэлIым щIихури шатэр гъэжалъэшхуэ зэтеIубам язым урикIащ, адрейр **щхьэщиIуантIэри**, морщ жыпIэн нэхъ хэмылъу, тхъуцIынэр къыщIригъэдзащ* [10: 67]. Ауэ *щхьэщы-IуэнтI**ы**-кIы-н* (зыгуэрым фIэIуэнтIа гуэр гъэкIэрахъуэурэ къыфIэхын). Щапхъэ: *Абдежым Мухьэмэд и цей жыпым псылъэ кърихри и щхьэр **щхьэщиIуэнтIыкIащ*** [11: 65].

3) ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ гуп зи гугъу тщIым лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ преверб *къ-* куэдрэ къахохьэ, ауэ абы и мыхьэнэр фIокIуэд. Абы игъэзащIэ хабзэ къалэныр лъабжьэ кIэухым къыщыхьу аблаутымрэ лъабжьэужь *–кI*-мрэ ягъэзащIэ. Щапхъэ: *щхьэщы-щIы-кIын = къы-щхьэщы-щIы-кIын* (зыгуэр и щIыIумкIэ, и щхьэмкIэ щыфIэщIыкIын). Апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэр синонимэгъу зэхуохъуж.

4) Лъабжьэпэ *щхьэщы-* м лэжьыгъэцIэхэм объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къахегъахъуэ. Щапхъэ: *абы ар ед* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ), ауэ *абы ар абы щхьэще-ды-кI* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

**8.** ЩIыпIэ преверб *щхьэпры-* мрэ лъабжьэужь *–кI*-мрэ лэжьыгъэцIэ куэд дыдэ къагъэхъуркъым. Абы и щхьэусыгъуэр лъабжьэпэ *щхьэпры*-р лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм фIэкIа зэрыхэмыхьэрщ. ЩIыпIэ преверб *щхьэпры*-р лъабжьэпэ *щхьэщы*-м мыхьэнэкIэ йокIуалIэ.

1) Лъабжьэпэ *щхьэпры*-м гъэпсыкIэ зэхэлъ зэхэлъ иIэщ: *щхьэ-* япэ Iыхьэм – *и щхьэмкIэ* щекIуэкI лэжьыгъэр егъэлъагъуэ, *пры-* етIуанэ Iыхьэм – зыгуэрым *зэрыщхьэпрыкIыр* къыуегъащIэ. Щапхъэ: *щхьэпры-Iэбы-кIы-н* (зыгуэр къэпщтэн мурадкIэ зыщIыпIэ уи Iэр щхьэпрышиикIын).

2) ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лъабжьэпэ *щхьэпры*-м и закъуэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым щыпыувэкIи, лъабжьэужь *–кIы*-р и гъусэу къыщыкIуэм дежи зы аблаут лIэужьыгъуэщ къэхъур – *э:ы*. Зэхуеплъ: *щхьэпры-лъэт**ы**-н = щхьэпры-лъэт**ы**-кIы-н* (лъэтауэ зыгуэрым и щIыIукIэ щхьэпрыкIын), (еплъ: *лъэтэ-н*). ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыбдежым аблаутым лъабжьэужь *–кIы*-м и къалэныр щегъэзащIэ, езы лэжьыгъэцIэхэри синонимэгъу зэхуохъу.

3) Лъабжьэпэ *щхьэпры*-м лэжьыгъэцIэхэм объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къахегъахъуэ. Щапхъэ: *ар мэбакъуэ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы щхьэпро-бэкъу(ы)-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

**9**. ЩIыпIэ лъабжьэпэ *IэщIэ*-р лъабжьэужь *–кIы*-м и гъусэу лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми къыщокIуэ.

1) Зэхэлъ гъэпсыкIэ зиIэ мы лэжьыгъэцIэ гупым преверб *IэщIэ*-м лэжьыгъэр зыгуэрым *и Iэгум, и Iэм IэщIэлъу* къызэрыхьур наIуэу къегъэлъагъуэ. Лъабжьэужь *–кIы*-ми лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэр еубзыху. Щапхъэ: *IэщIэ-кIэрэхъуэ-н* (кIэрахъуэу зыгуэрым и Iэм IэщIэхуэн), ауэ *IэщIэ-кIэрэхъу**(ы)**-кIы-н* (кIэрахъуэу зыгуэрым и Iэм IэщIэхун, IэщIэкIын).

2) ДызыкIэлъыплъ гупым хыхьэ лэжьыгъэцIэхэм превербым и закъуэ щапыувэкIэ зы аблаут лIэужьыгъуэ къагъэхъу *ы:э* – лэжьыгъэр зыгуэрым *и Iэм IэщIыхьэ* мыхьэнэ халъхьэу: *IэщIэ-лъэтэ-н* (лъэтауэ зыгуэрым и Iэм зыгуэр къыIэщIыхьэн), ауэ лъабжьэужь *–кIы*-м нэгъуэщI *э:ы* макъзэблэхъу къегъэхъу, лэжьыгъэр здэгъэза лъэныкъуэми зехъуэж: *IэщIэ-лъэт**ы**-кIы-н* (Iэм IэщIэлъ гуэр лъэтауэ IэщIэкIын).

3) Апхуэдэ лэжьыгъэцIэ гупым хыхьэ лъабжьэгъусэхэм мыхьэнэ зэхъуэкIа яIэу ущрихьэлIэ щыIэщ. Ауэ апхуэдэхэм дежи лэжьыгъэцIэм и морфологие гъэпсыкIэр къызэтонэ. Щапхъэ: *IэщIэ-гъупщ**ы**-кIы-н* (Iуэху гуэрым тещхьэрыукIын, гум ихун), (еплъ: *щы-гъупщэн*). Щапхъэ: *Мэздэгуи адрей къалэхэми, – гъуор къызэIонэ, «комендант» псалъэр* ***IэщIогъупщыкIыжри,*** *итIанэ «инырал» псалъэр къегъуэтыжри: – Мэздэгуи адрей къалэхэми дэс иныралхэм пащтыхьым унафэ къахуищIащ адыгэ пщылIхэм ящыщ хэт щIэпхъуэжми, ар-щэ, яубыду, зэкIуэцIыпхауэ, зейм деж яхужыну* [12: 132].

4) Лъабжьэпэ *IэщIэ-* м лэжьыгъэцIэхэм объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къахегъахъуэ. Щапхъэ: *ар мэ-джэрэз* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ар абы IэщIо-джэрэзы-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

**10**. ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ щIыпIэ лъабжьэпэ *зэбгры*-мрэ лъабжьэужь *–кIы*-мрэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми къыщокIуэ.

1) Мы лъабжьэгъусэхэр куэдрэ морфологие и лъэныкъуэкIэ зэпхауэ къокIуэ. Апхуэдэхэм деж зы аблаут лIэужьыгъуэ *э:ы*-рщ лэжьыгъэцIэхэм я лъабжьэ

кӀэухым къыщыхъур. Щапхъэ: *зэбгры-дыгъу(**ы**)-кӀы-н* (къэдыгъуауэ зэбгрыхын), (еплъ: *дыгъуэ-н*).

2) ЩӀыпӀэ лъабжьэпэ *зэбгры*-м лъэныкъуэ мыхьэнэи егъэзащӀэ, лъабжьэужь *–кӀы*-м епхауэ – *лъэныкъуэ псомкӀи, дэнэкӀи* гъэзауэ. Щапхъэ: *зэбгры-гъуэлъы-кӀы-н* (дэнэкӀи игъуэлъыкӀын); *зэбгры-гуэшы-кӀы-н* (лъэныкъуэ псомкӀи, дэнэкӀи зэбгрытыкӀын).

3) Лъабжьэгъусэхэу *зэбгры*-мрэ *-кӀы*-мрэ, зэщӀымыгъуу лэжьыгъэц1э къыщагъэхъум деж, синонимэгъу щызэхуэхъужи щыӀэщ. Щапхъэ: *зэбгры-лъэты-н* = *зэбгры-лъэты-кӀы-н.* ЩапхъэхэмкӀэ дызэхуеплъынщ: *Пабжьэм хэса цӀыкӀухэр, пцӀащхъуэ цӀыкӀухэм ещхьу,* ***зэбгрылъэтащ,*** *псы щӀыӀэр къыттреутхэ* (*Лу*) *жаӀэу* [7: 234]. *Пулеметыр зэ къэлъэлъэгъуэ къэлъалъэри, къуэр къигъэпсэлъащ, щиху инхэм зэрызехьэу тетӀысхьэж къуаргъ къомыр зэрыгъэкӀийуэ* ***зэбгрылъэтыкӀащ*** [6: 153].

4) ГъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ лъабжьэпэ *зэбгры*-м, Къумахуэ М. I. къызэрилъытэмкӀэ, язэхуэдэныгъэ категорэм и преверб *зэ-* хохьэ [4: 194–195]. Абы къыхэкӀыу лъэмыӀэс лэжьыгъэцӀэхэм зы щхьэ фӀэкӀа ямыӀэу къокӀуэ, ари куэд бжыгъэм иту. Щапхъэ: *ахэр зэбгро-кӀуэс**ы**-кӀ* (еплъ: *кӀуэсэн*).

**11**. ГъэпсыкӀэ зэхэлъ зиӀэ лъабжьэпэ *зэӀы*-р лэжьыгъэцӀэ мащӀэ дыдэм лъабжьэужь *–кӀы*-м епхауэ къыщокӀуэ. Апхуэдэхэм деж лъабжьэпэ *зэӀы*-м щӀыпӀэ мыхьэнэр фӀокӀуэдри лъэныкъуэ мыхьэнэм нэхъ зеужь. Щапхъэ: *зэӀы-пщӀы-кӀы-н* (зыгуэрхэр зэӀыхын, зэӀытхъун, зэӀытхъын). Мыбдеж лъабжьэужь *–кӀы*-м *э:ы* макъзэблэхъу къызэрыщигъэхъур нэрылъагъущ.

ЕдгъэкӀуэкӀа къэхутэныгъэ лэжьыгъэм къызэригъэлъэгъуамкӀэ, адыгэбзэ лэжьыгъэцӀэхэм зэхэлъ гъэпсыкӀэ зиӀэ лъабжьэпэхэм мыхьэнэшхуэ щагъэзащӀэ. Ахэр куэдрэ лъабжьэужьым епхауэ къокӀуэ, зэмыгъусэу псалъэпкъым пымыувэу. Апхуэдэхэм деж абыхэм зэгъусэу лэжьыгъэр щекӀуэкӀ щӀыпӀэр, здэгъэза лъэныкъуэр ягъэнаӀуэ. ЗэщӀымыгъуу лэжьыгъэцӀэ псалъэпкъым щыпыувэкӀэ, а лъабжьэгъусэхэм аблаут лӀэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къагъэхъу, зэпэщӀэуэ мыхьэнэ лэжьыгъэцӀэм халъхьэу. Бзэм зэрызиужьым и щыхьэту, языныкъуэ лъабжьэпэхэм мыхьэнэ зэхьэкӀа яӀэу къокӀуэ, грамматикэ и лъэныкъуэкӀи хьэлэмэтагъ куэд ягъэлъагъуэ, лэжьыгъэ щхьэхуэ ятебухуэну яхуэфащэу.

## ТегъэщӀапӀэ тщӀа литературэр


1. *АбытӀэ В*. Уанэгу нэщӀ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапӀэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 2009. 217 н. (*Абитов В.* Пустое седло. Черкесск: Ставропольское книжное издательство, Карачаево-Черкесское отделение, 2009. 217 с.).

2. Адыгэ ІуэрыІуатэхэр. Т. 1. Налшык:Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзап1э, 1963. 340 н. (Адыгский фольклор. Т. 1. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1963. 340 с.).

3. *Дзуганова Р.Х.* Суффиксальные глаголы в кабардино-черкесском языке. Нальчик: Изд-во КБНЦ РАН, 2002. 116 с.

4. *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. М.; Нальчик, 1964. 272 с.

5. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая грамматика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1989. 384 с.

6. *К1ыщокъуэ А.* Хъуэпсэгъуэ нур // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Романхэр. Т. 2. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н. (*Кешоков А.* Чудесное мгновение // Собрание сочинений в шести томах Т. 2. Нальчик: Эльбрус, 2005. 488 с.).

7. *КІышокъуэ А.* Мазэ ныкъуэ щхъуантӀэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Романхэр. Т. 3. Налшык: Эльбрус, 2005. 752 н. (*Кешоков А.* Зеленый полумесяц // Собрание сочинений в шести томах. Т. 3. Нальчик: Эльбрус. 2005. 752 с.).

8. *КІышокъуэ А.* Лъапсэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Романхэр. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н. (*Кешоков А.* Корни // Собрание сочинений в шести томах Т. 5. Нальчик: Эльбрус, 2006. 552 с.).

9. *Къэрмокъуэ М.* Азэмэт. Налшык: Эльбрус, 1984. 392 н. (*Кармоков М.* Азамат. Нальчик: Эльбрус, 1984. 392 с.).

10. *МафIэдз С.* Мыхъур. Повестхэр. Налшык: Эльбрус, 2003. 344 н. (*Мафедзев С.* Печать. Повести. Нальчик: Эльбрус, 2003. 344 с.).

11. *Мэзыхьэ Б.* Къуажэ пшыхьхэр. Рассказхэр. Налшык: Эльбрус, 1978. 136 н. (*Мазихов Б.* Сельские вечера. Рассказы. Нальчик: Эльбрус, 1978. 136 с.).

12. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман-эпопея, тхылъиплI хъууэ. Налшык: Эльбрус, 2016. 1224 н. (*Шортанов А.* Горцы. Роман-эпопея в четырех книгах. Нальчик: Эльбрус, 2016. 1224 с.).

13. *ЩоджэнцIыкIу I.* Софят и гъатхэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1962. 232 н. (*Шогенцуков Адам*. Весна Софият. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1962. 323 с.).

## РОЛЬ АБЛАУТНЫХ ЧЕРЕДОВАНИЙ, ВЫЗЫВАЕМЫХ В ГЛАГОЛЬНЫХ ОКОНЧАНИЯХ СЛОЖНЫМИ ПРЕВЕРБАМИ В СОЧЕТАНИИ С СУФФИКСОМ –*КI*

**Дзуганова Рита Хабаловна**, orcid.org/0000-0003-0684-7600, доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка, Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (Нальчик, Россия), dzug.rita@yandex.ru

В работе рассматриваются аблаутные чередования в производных глаголах, содержащих сложные превербы в сочетании с суффиксом *–кI.* Сложность смысловой структуры превербов обясняется объединением двух превербов в одном глаголе для передачи нескольких различительных признаков. Степень сложности семантической структуры превербов оказалась неодинаковой, поэтому мы рассматриваем их в отдельности. В одной работе невозможно охватить все сложные превербы кабардино-черкесского языка, поэтому мы выбрали наиболее употребительные из них. Анализ материала показал, что в превербных глаголах действует один тип аблаута – *ы:э* – направленный к действующему лицу, а при включении суффикса *–кI* мы имеем другой тип аблаута – *э:ы,* где направление меняется в противоположную сторону.

**Ключевые слова**: аблаутные чередования, превербы, суффиксы, глагол, кабардино-черкесский язык.

## THE ROLE OF ABLOUTED ALTERNATIONS CAUSED IN VERB ENDINGS WITH COMPLEX PREVALS IN COMBINATION WITH SUFFIX –*KI*

**Dzuganova Rita Khabalovna**, orcid.org/0000-0003-0684-7600, Doctor of Philology, Leading Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector, Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (Nalchik, Russia), dzug.rita@yandex.ru

The work deals with ablaut alternations in derivative verbs containing complex preverbs in combination with the suffix *–kI.* The complexity of the semantic structure of the preverbs is explained by the combination of two preverbs in one to convey several distinctive features. The degree of complexity of the semantic structure of the preverbs turned out to be unequal, so we consider them separately. It is impossible to cover all the complex preverbs of the Kabardino-Circassian language in one work, so we chose the most common ones. The analysis of the material showed that one type of ablaut – *ы:э* acts in the preverbal verbs directed to the character, and when the suffix *–kI* is included, we have another type of ablaut – *э:ы,* where the direction changes in the opposite direction.

**Keywords**: ablaut alternations, preverbs, suffixes, verb, Kabardino-Circassian language.

DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-51-57